# И.ЮСУПОВТЫҢ «ЖОЛДАС МУҒАЛЛИМ» ПОЭМАСЫНДА СИМВОЛЛАРДЫҢ КӨРКЕМЛИК ХЫЗМЕТИ

**Даниярова Гүлзийра Полатовна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис*

И.Юсупов қарақалпақ әдебиятында поэма жанрының раўажланыўына жол ашып берген сөз зергери. Шайырдың бул жанрда дөреткен дөретпелери илимпазлар тәрепинен жоқары баҳаланып, поэма тараўының жанрлық ҳәм идея-тематикалық тәрептен байыўына себепши болғанлығын ескертип өтеди. Белгили илимпаз Г.Есемуратов шайырдың поэмалары ҳаққында былай деп жазады: «И.Юсупов поэзиясы – адамға көз-қарастың ҳәм оған қойылатуғын талаптың өскенлигиниң гүўасы. Шайырлық йоштан дөреген бүгинги турмысымыздың актуаль бир мәселелери жөниндеги поэмалары менен көп ойланыў ҳәм излениўдиң нәтийжеси. Оларда сюжет пенен композицияның жүйи билинбестей үйлесип кеткенлиги жийи көзге тасланып турады. Сызлық салып тиккендей әңгиме арасы қақырап кетпейди», [Есемуратов Г., 1976. – 111 б], - деп баҳа береди. 2019-жылы Қ.Мәмбетов «И.Юсупов поэмаларының жанрлық өзгешеликлери» [Мәмбетов Қ., 2019] темасында диссертация жақлады. Бул илимий дәрек биз ушын шайырдың поэмаларының жанрлық тәрептен ажыратып, символ ҳәм метафоралық сүўретлеўлерди анализлеўимиз ушын жүдә баҳалы.

И.Юсуповтың «Жолдас муғаллим» эпикалық поэмасы 1949-жылы институтты питкеретуғын жылы баспадан шыққан. Бул шайырдың дәслепки ири сүйекли дөретпеси екенлиги өзи айтып өткен «Шайырлық» деген «ләззетли сүргинге айдалыўым» [Есемуратов Г., 1976. – 91 б] усы поэмадан басланады деген еди. XX әсир қарақалпақ әдебиятының 70-жылларға дейинги дәўири ишинде әдебиятта жаңа сиясий жәмийетлик, экономикалық, социал-турмыслық ҳәм мәдений-тарийхый шараятлар жүзеге келтирген жаңа дәўир адамының образын жасаў, халықты ғалаба саўатландырыў, ҳаял-қызлар турмысындағы жаңаланыў жөнелисин, олардың жәмийетлик санасының өсиўин көрсетиў, халықлар дослығын ашып бериў усаған машқалалар әдебияттың раўажланыўының баслы бағдарларын көрсетип турыўшы тийкарғы сыпатлы белгилер болғанындай, И.Юсуповтың “Жолдас муғаллим” поэмасында да XX әсирдиң 20-30-жылларындағы қарақалпақ аўылларында алып барылып атырған ағартыўшылық, билимлендириў ҳәм тәлим-тәрбия ислериндеги жаңа дәўир, жаңа жәмийет муғаллимлериниң устазлық искерлигин көрсетиў баслы машқалалардан есапланады. Поэмада бул идея жаңа заман, жаңа усыл муғаллими Ораз образы арқалы ашып бериледи. Поэмада бас қаҳарман

Ораздың халықтың қараңғы санасына билим нурын қуйыўы ушын алып барған гүреслери менен пидәкерлик хызметлери эпикалық жобада кең түрде сөз етиледи. Бул образ барлық муғаллимлер ушын үлги десек те болады, яғный, муғаллим қандай болыўы керек, олар өзлерин қандай тутыўы керек, деген мәселелерге шешим сыпатында кирип келген образ десек те болады. Себеби жәмийеттиң санасында муғаллим дегенде ҳәр тәреплеме билимли, жәмийетте этикетлик қағыйдаларға толық жуўап беретуғын инсан, көз алдымызға келеди. Соның ушын да бул образ мәңгилик образ сыпатында инсанлардың санасында жасайды.

Поэма ўақыясы арбакеш Қурбанның өз арбасында Оразды алып баратырған жеринен басланады. Негизинде Қурбан Әметтиң үгити менен муғаллимди өлтирмекши болып, бул исти ислеў ушын ҳәр қыйлы пикирлерди айтып көндирип, оған жер бермекши болады. Бирақ, Қурбанның кеўлинде жаманлық жоқ екенлигин биз оның ишиндеги қарама-қарсылықлы психологиялық жағдайынан билемиз. Оның ойының ҳәр қыйлылығын былай сүўретлейди. «Гейде ойы булт қойнына сүңгийди» бул қатарда булт – қараңғылық, гүңгирт дегенди аңлатады. «Көзин ашып жаңа өмирге жаңа жол», «Түсип атыр шын бахыттың жолына», «Сен жүрипсең қыйсық жолда түнлетип», [Юсупов И., 1974. – 143 б], - деген қатарларда қолланылған жол символы да мәселени бираз айқынластырады. Қурбанның ойларының бузылыўын былай сүўретлейди:

Сары шаян, уўлы жылан азғырған,
Оны азғырған жат-жамайдың түлкиси.
Бәри түлки.
Бәри қашқын.
Бәри сум.

Бул қатарлардан жәмийеттиң жаңаланыўына қарсы пикирде жүрген айырым адамларды «сары шаян», «уўлы жылан», «жат-жамайдың түлкиси», «қашқын», «сум» сыяқлы сыпатлаўлар менен тәрийиплейди. Поэмада қаҳарманлардың ишки дүньясы ҳәм олардың кеширмелерин сүўретлеў ушын тәбият символларынан өнимли пайдаланған. Тәбият символлары болған: боран, қар, қуяш, таң нуры, бәҳәр ҳәм т.б. поэманың тийкарғы сюжетлериндеги ўақыяларды тереңлестириўде ҳәм шығарма тематикасының ашылыўында әҳмийетли роль ойнайды. Қурбанның ойында ҳәр қыйлы пикирлердиң тынбай кешип атырғаны, Оразды пышағы менен өлтириўди ойласа, бир жағынан Ораздың жақсы тәреплерин ойлайды, оның сөзлеринде тереӊ мәни бар екенлигин аңлап жетемен дегенше кеўлиндеги алағадалықты былайынша сүўретлейди:

Уйтқып боран, қар боратар баса-бас,

Қурбан тиклеп жолдасына қарамас.
Бүрсеңлеп ол отыр тонға оранып,
Ой үстине ой келеди аралас [Юсупов И., 1974. – 144 б].

Бул қатарлардағы боранның уйытқыўы ҳәм қар хаостың (тәртипсизлик) символы, қыйыншылықтың, тосық ҳәм сынаўлардың белгиси болыўы менен бирге қар ҳәм боран тазаланыў, жаңаланыў ямаса изоляцияны да аңлатады. Әдебиятта ҳәм көркем өнерде бундай образлар персонажлардың эмоциональлық жағдайын көрсетиў ушын ямаса олардың дус келиўи мүмкин болған қыйын жағдайларды сүўретлеў ушын қолланылады. Мине, усындай уйытқыған күшли боран контекстте Қурбанның ишки гүресин ҳәм оның моральлық дилеммасының (бул термин этика пәнине тийисли. Грек тилилинен di – еки, lemma – усыныс, деген мәниде. Бул орында Қурбанның ишки ой-қыялларында кешип атырған таңлаў гүреси. Оның алдында турған еки жолдың бирин таңлаўы) символы. Тәбийий элементлер (боран, қар, самал) оның ойлаў пайытын сүўретлей отырып, оның кеўлиндеги хаос ҳәм тәртипсизликти сүўретлейди. Боран ҳәм қар ол басынан кеширип атырған таңлаўдың қыйыншылықларын ҳәм өзи дус келетуғын жағдайлардың басымын өзинде жәмлеген. Бул образ пәклениў ҳәм жаңаланыў символы сыпатында да хызмет еткен. Тәбият қубылысларының сынаўлары арқалы Қурбан жаўыз адамлардың басымына қарамай, өзиниң ҳақыйқый инсанийлық принциплерин түсинип, соңынан дурыс қарар қабыл етеди. Солай етип, шығармада қолланылған боран ҳәм қар тек ғана сыртқы тосқынлықларды сүўретлеп қоймастан, ишки тосқынлықларды да сүўретлейди. Қурбанның характерин ҳәм оның жақсылық ҳәм жаманлық арасындағы ишки гүреслерин тереңрек ашып бериўге жәрдем береди.

Бул пикирге келиўимизге төмендеги қатарларды мысалға келтиремиз: «Намыссызбан, жүзим кеўлим қап-қара», «Мен ҳәзир бир адасқан ийт мысалы», «Беттиң арын белге түйген бийшара», «Ийт Әметтиң даўлап жүрген даўының», «Алдың менен қараңғылық аўырын», – деген метафоралық қатарлар арқалы Қурбанның характерли белгилери ашылады.

Нәрестедей шырт уйқыдан сескенип,
Ояндым мен басыма хуўш-ес келип,
Көзимди аштың,
Устаз болдың сен маған,
Мә қанжарым,
Усынаман мен саған,
Шәкиртиңнен болсын саған естелик [Юсупов И., 1974. – 147 б].

Қурбан өзиниң натуўры жолдан жүрип адасқанлығын түсинеди, әлбетте, бул Ораздың жәрдеминде болады.

Усылайынша, аўылға келген муғаллимниң келешекке деген үмити, оның сөйлеген сөзинде көриниўи арқалы әтирапындағы инсанларға тәсир етеди. Поэмада сюжет желиси енди аўылдағы өзгерислер менен даўам етеди. Дийқан елиниң тийкарғы табысы жерден екенлигин түсиндириўши қатарлар ҳәм әтирапындағы тәбият көринислери толқып жырланады. Әлбетте, инсан өзиниң мийнети арқалы ғана инсанға айланады. Буны автор жақсы биледи. Поэмада усы образды жаратыўда шайыр көркем метафоралардан өнимли пайдаланады.

... Жерди қушқан еркин мийнет ышқында,
Кеўил шалқып ушқан адам қыялы
... Қайтпас мийнет қатты қоллы тәбият,
Арпалысқан қызғын мийнет өшегис
... Каналда суў астын-үстин лепирип,
Айдынында ақ шабақлар секирип [Юсупов И., 1974. – 164 б].

Бул қатарлар дәўир руўхын бериўде образлы ҳәм тәсирли қолланылған. Соның менен бирге муҳаббат сезимлерин сүўретлеўде сол аўылда жайласқан көл ҳаққындағы аңызды тәсирли етип баянлаў арқалы мухаббат ҳаққында гәп болатуғынлығын алдынан билиўимизге болады:

Ақша жүзге қан жыйылып, мысалы,
Хабар берди жаңа писken алмадан [Юсупов И., 1974. – 166 б].

Бул қатарларда алма муҳаббаттың символы. Усылайынша поэманың сюжетлик раўажланыў бағдары Ораздың халық мәпи ушын ҳәрекет етиўи, нәтийжеде өзи ойлаған арзыў-нийетлерине жетисиўи менен шебер сүўретленеди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Есемуратов Г. Ибрайым Юсуповтың поэзиясы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1976. – Б. 111.

2. Мәмбетов Қ. И.Юсупов поэмаларының жанрлық өзгешеликлери // филол…илим. бойынша философия док... (PhD) илимий дәр…алыў ушын таярланған дис. – Нөкис. 2019.

3. Юсупов И. Тумарис ҳәм басқа да поэмалар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1974. – Б. 143.